


# RESPUBLIKANÌŃ SHETKI AYMAQLARÌNDA TELEKOMMUNIKACIYA INFRASTRUKTURALARÌN RAWAJLANDÌRÌW

**Jumanova Zulfiya**

Muhammed Al-Xorezmiy atíndaǵí Tashkent Informaciyalíq Texnologiyalarí Universiteti Nókis Filiali

«Telekommunikaciya Texnologiyalarí hám Kásip Tálim» Fakulteti

«Telekommunikaciya texnologiyalarí» tálim baǵdarı

3 –kurs 303-22 Telekom studenti

https://doi.org/10.5281/zenodo.14777172

**ARTICLE INFO**

*Qabul qilindi:23-yanvar 2025 yil*
*Ma'qullandi: 25-yanvar 2025 yil*
*Nashr qilindi: 30-yanvar 2025 yil*
*Qaraqalpaqstan, telekommunikaciya infrastrukturası, shetki aymaqlar, optikalıq talshıqlı baylanıs, jasalma joldas texnologiyası, mámleketlik-jeke menshik sheriklik, sanlı ekonomika, texnologiyalıq rawajlanıw, sociallıq teńlik.*

**ABSTRACT**

*Bul maqala Qaraqalpaqstan Respublikasınıń shetki aymaqlarında telekommunikaciya infrastrukturasın rawajlandırıw mashqalaları hám perspektivaların tallawǵa baǵıshlanǵan. Maqalada telekommunikaciya sistemalarınıń áhmiyeti, bar mashqalalar, sonıń ishinde texnikalıq hám finanslıq qıyınshılıqlar, sonday-aq, zamanagóy texnologiyalardı engiziw imkaniyatları kórip shıǵıldı. Aymaqlarda optikalıq talshıqlı baylanıs, jasalma joldas texnologiyası hám mámleketlik-jeke menshik sheriklik tiykarında investiciyalardı tartıw jolları usınıs etilgen. Telekommunikaciya infrastrukturasınıń rawajlanıwı bilimlendiriw, densawlıqtı saqlaw, isbilermenlik hám mámleketlik basqarıw tarawlarında qanday ózgerislerdi keltirip shıǵaratuǵını haqqında pikir júrgizilgen.*

Sanlı texnologiyalar búgingi kúnde turmıstıń barlıq tarawlarına kirip barmaqta hám telekommunikaciya infrastrukturası bul processtiń tiykarǵı quram bólegi bolıp esaplanadı. Biraq, Qaraqalpaqstan Respublikasınıń shetki aymaqlarında telekommunikaciya xızmetleriniń jeterli dárejede rawajlanbaǵanı ekonomikalıq rawajlanıwǵa hám xalıqtıń turmıs dárejesine unamsız tásir kórsetpekte. Aymaqlardıń sociallıq teńlik hám zamanagóy texnologiyalardan paydalanıw imkaniyatları boyınsha teń bolıwı mámlekettiń strategiyalıq wazıypalarınan biri bolıp esaplanadı. Bul maqalada shetki aymaqlardaǵı telekommunikaciya infrastrukturasınıń áhmiyetli máseleleri, bar mashqalalar, olardı sheshiw jolları hám bul processtiń perspektivaları keń talqılanadı.

Birinshiden, Qaraqalpaqstannıń shetki aymaqlarında telekommunikaciya infrastrukturasınıń rawajlanıwı tómen dárejede ekenin atap ótiw kerek. Mobil baylanıs hám internet xızmetleriniń sapası sezilerli dárejede artta qalǵan. Máselen, óz waqtında texnikalıq xızmet kórsetiwdiń jetispewshiligi yamasa tarmaq sıyımlıǵınıń tómenligi kóplegen aymaqlarda baylanıstıń úziliwine alıp keledi.

Ekinshiden, itibar qaratatuǵın bolsaq, infrastruktura qurılısına qaratılǵan investiciyalardıń jeterli emesligi mashqalalardıń tiykarǵı sebeplerinen biri bolıp esaplanadı. Bunda

mámleketlik byudjet qarjılarınıń jetispewshiligi yamasa investiciyalıq siyasattıń jaqsı rejelestirilmegenligi seziledi.
Úshinshiden, aymaqtıń geografiyalıq ózine tánligi de itibardan shette qalmawı kerek. Shól hám tawlı aymaqlarda baylanıs sistemaların ornatıwdıń qıyınshılıǵı hám de úlken qárejet talap etiwi qurılıs processlerin páseytedi.
Tórtinshiden, sanlı sawatlılıq dárejesiniń tómenligi de itibarǵa ılayıq mashqala. Kóplegen aymaqlarda xalıq tek ǵana texnologiyalardan paydalana almay qalmastan, al olar boyınsha jeterli maǵlıwmatqa iye emes.
Bul mashqalalardı sheshiw ushın arnawlı strategiyalardı islep shıǵıw zàrùr. Birinshi gezekte, telekommunikaciya infrastrukturasın modernizaciyalaw boyınsha keń kólemli joybarlardı ámelge asırıw zárúr. Tómende bunı ámelge asırıw ushın tiykarǵı baǵdarlar keltirilgen:
1. Optik talshıqlı baylanıs tarmaqların keńeytiw. Bul texnologiya joqarı tezliktegi internet xızmetlerin usınıw imkaniyatın beredi. Shetki aymaqlarda optikalıq talshıqlı kabellerdi ornatıw internet qamtıwın sezilerli dárejede arttıradı.
2. Jasalma joldas baylanısınan paydalanıw. Bul sheshim tawlı yamasa baylanıs sistemaların jetkeriw qıyın bolǵan aymaqlar ushın nátiyjeli bolıp esaplanadı. Jasalma joldas arqalı baylanıs ornatıw kishi elatlı punktlerde internet xızmetlerin engiziwge járdem beredi.
3. Mámleketlik hám jeke sektor birge islesiwin kúsheytiw. Jeke menshik investiciyalardı tartıw arqalı infrastrukturanıń rawajlanıwı tezlestiriliwi múmkin. Sonıń menen birge, mámleket tárepinen subsidiyalar hám jeńilletilgen kreditler beriliwi jeke menshik kompaniyalar ushın xoshamet boladı [4, 177-180].
4. Jergilikli kadrlardı tayarlaw hám qánigeligin arttırıw. Telekommunikaciya tarawında joqarı mamanlıqtaǵı qánigelerdi tayarlaw hám olardı shetki aymaqlarǵa tartıw áhmiyetli. Bunıń nátiyjesinde, xızmetlerdiń sapası artıp, xalıqqa kórsetiletuǵın xızmetler keńeyedi.
5. Málimleme-kommunikaciya texnologiyaları (AKT) tarawında bilimlendiriwdi kúsheytiw. Mektep hám kolledj oqıw baǵdarlamalarına AKT boyınsha tereńlestirilgen oqıw kursların kirgiziw, xalıqtıń texnologiyalar boyınsha sawatlılıǵın arttırıwǵa xızmet etedi.
Telekommunikaciya infrastrukturasınıń sociallıq hám ekonomikalıq áhmiyeti úlken bolıp tabıladı. Sonı atap ótiw kerek, telekommunikaciya sistemaların rawajlandırıwdıń tásiri keń kólemli. Máselen, tómendegi tarawlarda sezilerli ózgerisler baqlanıwı múmkin:
1. Bilimlendiriw tarawı. Shetki aymaqlarda zamanagóy texnologiyalar járdeminde aralıqtan bilimlendiriwdi rawajlandırıw, jaslardıń bilim dárejesin arttırıw hám olardı sanlı ekonomikaǵa tartıw imkaniyatın beredi.
2. Densawlıqtı saqlaw. Telemedicina xızmetlerin rawajlandırıw arqalı alıs aymaqlardaǵı nawqaslarǵa onlayn másláhátler beriw, diagnostika hám emlewdi ámelge asırıw ańsatlasadı.
3. Biznes hám isbilermenlik. Internet tarmaǵınıń bar ekenligi jergilikli isbilermenlerdiń óz ónim hám xızmetlerin onlayn platformalarda satıw imkaniyatın keńeytedi. Bul bolsa aymaqlıq ekonomikanı janlandıradı.
4. Mámleket basqarıwı. Elektron húkimet sistemaların engiziw arqalı mámleketlik xızmetlerdiń sapasın arttırıwǵa hám xalıqtıń mámleketlik uyımlar menen pikirlesiwin ápiwayılastırıwǵa erisiledi [[2, 110-113].
Qaraqalpaqstan Respublikasınıń shetki aymaqlarında telekommunikaciya infrastrukturasın rawajlandırıw boyınsha mámleketimiz basshısı tárepinen qabıl etilgen qararlar hám ámelge asırılıp atırǵan ilajlar tómendegilerden ibarat:

2020-jıl 5-oktyabrde Prezident Shavkat Mirziyoyev tárepinen tastıyıqlanǵan bul strategiya mámleketimizde sanlı infrastrukturanı rawajlandırıw, elektron húkimet sistemasın jetilistiriw hám málimleme texnologiyaları tarawında bilimlendiriwdi kúsheytiwdi názerde tutadı. Strategiya sheńberinde shetki aymaqlarda telekommunikaciya xızmetlerin jaqsılawǵa ayrıqsha itibar qaratılǵan.

2023-jıl 20-dekabrde ótkerilgen májiliste Prezident Shavkat Mirziyoyev tarmaq hám aymaqlarda málimleme texnologiyaların rawajlandırıw jáne mámleketlik basqarıwdı sanlastırıw boyınsha tiykarǵı wazıypalardı belgilep berdi. Májiliste telekommunikaciya infrastrukturasın jaqsılaw, taraw hám tarmaqlardı sanlastırıwǵa úlken itibar qaratıldı. Usı jıldıń ózinde bilimlendiriw, bank, qarjı, bajıxana, awıl xojalıǵı, geologiya, kadastr sıyaqlı tarawlardı sanlı transformaciyalaw sheńberinde 100 baǵdarlamalıq joybar islep shıǵılǵan. 500 den aslam jańa IT kompaniyalar shólkemlestirilip, tarawǵa 475 million dollar tikkeley sırt el investiciyası kirip kelgen. Jıldıń juwmaǵı menen tarawda xızmetlerdiń kólemi 10 trillion sumǵa jetiwi, eksportı bolsa 300 million dollardan artıwı kútilmekte.

Májiliste Prezident Shavkat Mirziyoev taraw infrastrukturası, atap aytqanda, internet tezligin jaqsılaw máselesine itibar qarattı. Ayırım aymaqlarda internet tezligi tómenligi, xalıqaralıq magistral jollardıń 20 procenti mobil internet penen qamtıp alınbaǵanı kórsetip ótildi. Sanlı infrastrukturanı rawajlandırıw ushın sırt el investiciyaların tartıw wazıypası qoyıldı. Sonıń menen birge, kiberqáwipsizlikti kúsheytiw, barlıq elektron tólem sistemaları ushın bul baǵdarda birden-bir talaplardı islep shıǵıw zárúr ekenligi atap ótildi. Ulıwma, IT xızmetleriniń kólemin 20 trillion sumǵa, eksporttı 800 million dollarǵa jetkeriw, tarmaqlarda 130 málimleme sistemasın engiziw hám 750 mámleketlik xızmetlerdi tolıq sanlastırıw baǵdarındaǵı rejelerdi islep shıǵıw áhmiyetli ekenligi atap ótildi [1].

Bul qarar hám ilajlar Qaraqalpaqstan Respublikasınıń shetki aymaqlarında telekommunikaciya infrastrukturasın rawajlandırıwǵa qaratılǵan bolıp, xalıqtıń sanlı xızmetlerden paydalanıw imkaniyatların keńeytedi.

**Juwmaq.** Joqarıdaǵılardan kelip shıǵıp, aytıw múmkin, Qaraqalpaqstan Respublikasınıń shetki aymaqlarında telekommunikaciya infrastrukturasın rawajlandırıw regionnıń turaqlı rawajlanıwı ushın áhmiyetli strategiyalıq wazıypa bolıp tabıladı. Mámleket tárepinen izbe-iz ilajlardıń ámelge asırılıwı hám jeke menshik sektor menen nátiyjeli birge islesiw jolǵa qoyılıwı bul processti tezlestiredi. Keleshekte, sanlı ekonomika hám zamanagóy texnologiyalardı engiziw regionnıń global bazar menen integraciyasın bekkemleydi. Sonıń menen birge, xalıqtıń turmıs dárejesi hám sapasın arttırıwda da úlken áhmiyetke iye.

## Paydalanılǵan àdebiyatlar:

1. O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining “Raqamli O‘zbekiston – 2030” strategiyasini tasdiqlash va uni samarali amalga oshirish chora-tadbirlari to‘g‘risida”gi PF-6079-sonli Farmoni

2. Bobonorova, Y. (2024). O ‘ZBEKISTONDA AXBOROTLASHTRISH-TELEKOMMUNIKATSIYA FAOLIYATINI STATISTIK TAHLIL QILISH VA MODELLASHTRISH. TADQIQOTLAR. UZ, 30(1), 110-113.

3. Ulaboyevich, X. S., Mamarajab o‘g‘li, X. B., Xurram o‘g‘li, A. A., & Abdulmajid o‘g‘li, Y. S. (2023, December). O ‘ZBEKISTONDA TELETIBBIYOT AXBOROT KOMMUNIKATSIYA TIZIMLARINI ISHLAB CHIQISH IMKONIYATLARINING AXAMIYATI. In Past and Future of Medicine: International Scientific and Practical Conference (Vol. 3, pp. 98-105).

4. Xolmurodovich, S. D. (2024). BARCHA SOHALARDA RAQAMLI TEXNOLOGIYALARNI JORIY QILISH VA BOSHQARISHNI TAKOMILLASHTIRISH. THEORY OF SCIENTIFIC RESEARCHES OF WHOLE WORLDT, 1(1), 177-180.